

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa téh nya éta sistem lambang sora omongan nu sifatna arbitré anu dipaké ku masarakat pikeun tujuan komunikasi. Ieu hal luyu jeung pamadegan Sudaryat (2004:6) anu nyebutkeun yén basa nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucapan manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvénisional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Dina prak-prakanna, kaparigelan ngagunakeun basa ngawengku opat komponén nya éta: (1) kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*); (2) kaparigelan nyarita (*speaking skills*); (3) kaparigelan maca (*reading skills*); jeung (4) kaparigelan nulis (*writing skills*).

Nulis mangrupa salahiji komponén tina kaparigelan ngagunakeun basa di sagigireun ngaregepkeun, nyarita, jeung maca. Nulis téh mangrupa kaparigelan basa anu digunakeun pikeun komunikasi anu sifatna teu langsung paamprok jonghok jeung nu diajak nyarita. Nulis nya éta kgiatan ekspresif jeung produktif. Ku sabab teu langsung paamprok jeung nu diajak nyarita, kgiatan nulis merlukeun hiji média anu disebut aksara.

Urang Sunda ti jaman baheula mula geus mibanda ciri mandiri dina wangu aksara anu disebut aksara Sunda. Aksara Sunda mangrupa hasil ciptaan manusia Sunda jaman baheula anu jadi ciri “jati diri” jeung simbul kareueus masarakat Sunda. Aksara Sunda digunakeun ku karuhun urang Sunda pikeun ngawangun komunikasi tinulis atawa tradisi tulisan. Ku ayana tradisi tulisan éta, mangka generasi saterusna bisa manggihan informasi penting ngeunaan sajarah, ajén-ajén budaya, jeung aspek budaya lianna anu diwariskeun ti karuhun. Aksara Sunda minangka hasil karya urang Jawa Barat, mangka masarakat Jawa Barat kudu bisa nulis aksara Sunda, hususna paraguru jeung siswa.

Aksara Sunda ditangtayungan ku payung hukum anu mangrupa *Perda Provinsi Jawa Barat Nomor 6 taun 1996* ngeunaan Ngamumulé, Ngabina, jeung

Ngamekarkeun Basa, Sastra, jeung Aksara Sunda. Saterusna dituturkeun ku *Surat Keputusan Gubernur Kepala Daerah Tingkat I Jawa Barat No. 434/SK-614-Dis.PK/99* ngeunaan Ngabakukeun Aksara Sunda. Perda No. 6 taun 1996 tadi diropéa deui jadi Perda Nomer 5 Taun 2003 ngeunaan Miara Basa, Sastra, jeung Aksara Daerah. Dina éta Perda ditétélakeun yén “*Aksara daerah adalah sistem ortografi hasil masyarakat daerah yang meliputi aksara dan sistem pengaksaraan untuk menuliskan bahasa daerah*”.

Ieu hal téh mangrupa salahiji tarékah pamaréntah Provinsi Jawa Barat pikeun nangtayungan aksara daerah anu geus jarang digunakeun ku masarakat lantaran teu diwanohkeun. Ngaliwatan éta Perda jeung ngaliwatan pangajaran di sakola dipiharep masarakat Sunda bisa wanoh kana dirina jeung kana budayana.

Nulis aksara Sunda kaunggel dina *Standar Isi (Kompetensi dan Kompetensi Dasar) KTSP Pangajaran Basa Sunda 2006* anu unina, “Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk terjemahan, menggunakan aksara Sunda, serta menulis surat dan biografi”.

Pangajaran aksara Sunda di sakola-sakola mangrupa salahiji cara anu paling éfektif pikeun ngawanohkeun aksara Sunda jeung sistem tata tulisna. Sok sanajan kitu, pangajaran aksara Sunda tépéla dipangaruhan ku sawatara faktor anu jadi bangbaluh jeung mangaruhan kana kamekarana, di antarana alokasi waktu nu disadiakeun, jeung kurangna minat siswa kana pangajaran aksara Sunda. Aksara Sunda dianggap hésé diapalkeunna, hésé diulikna, sarta aksarana béra jauh jeung aksara latén. Di sagigireun éta ogé, faktor séjén anu jadi bangbaluh nya éta kurangna kamampuh guru dina ngawasa pangajaran aksara Sunda. Guru teu nyangking kana bahan pangajaran aksara Sunda sarta ditambah modél pangajaran anu digunakeunna masih ngagunakeun modél tradisional.

Salahiji modél pangajaran anu bisa mantuan ngamekarkeun pangajaran nulis aksara Sunda nya éta modél *memorization* métode *mnemonik*. Modél pangajaran *memorization métode mnemonik* kaasup kana rumpun modél-modél pemrosesan informasi (*information-processing modéls*), sabab ieu modél pangajaran museurkeun kana cara-cara dina ngaronjatkeun sikep alamiah manusa pikeun ngawangun ma’na ngeunaan dunya (*sense of the world*) ku cara

meunangkeun jeung ngolah data, ngarasakeun masalah-masalah, sarta ngamekarkeun konsép jeung basa pikeun nepikeun solusi (Joyce jeung Weil, 2011: 31).

Modél *memorization* métode *mnemonik* dina enas-enasna mangrupa modél pangajaran anu miboga oriéntasi sangkan siswa mampuh atawa parigel dina nginget-ningget barang-barang atawa informasi-informasi anu kacangking dina kgiatan diajar. Aksara Sunda minangka pangajaran nulis anu mikabutuh kaparigelan dina hal nginget-ningget lambang grafik anu kawilang hésé. Salasahiji cara pikeun maham hiji aksara tangtuna waé kudu diapalkeun, diinget-inget, dipraktékeun (ngalakukeun latihan) sarta ngalakukeun *pengulangan*.

Niténan kana sawatara masalah anu dipedar di luhur, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan éfektivitas modél *memorization* métode *mnemonik* dina pangajaran nulis aksara Sunda. Panalungtikan ngeunaan modél *memorization* métode *mnemonik* ieu lain anu munggaran dilaksanakeun. Saméméhna ogé aya panalungtikan anu sarua nalungtik ngeunaan modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik*. Judul panalungtikana nya éta, “Éfektivitas Modél *Memorization (Mnemonik)* pikeun Ngaronjatkeun Pangaweruh Léksikon Siswa Kelas XI SMA (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012)”. Tujuanana pikeun ngadéskripsikeun kamampuh siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 dina pangaweruh léksikon saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Memorization*. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén modél *memorization* métode *mnemonik* éfektif pikeun ngaronjatkeun pangaweruh leksikon anu katitén tina ayana béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *memorization* dina prosés diajar ngajar. Anu paling ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta kompetensi anu digunakeunna, antara pangaweruh léksikon jeung nulis aksara Sunda. Salian ti éta, hal anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta téhnik anu digunakeunna antara téhnik *kata-link* jeung téhnik *asosiasi*.

Ku kituna, dumasar kana masalah anu diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan anu dijudulan “Modél *Memorization* Métode *Mnemonik* dina

Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia Taun Ajaran 2012-2013)" perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Kaparigelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis) téh kacida legana, mangka diperlukeun hiji watesan masalah sangkan ieu panalungtikan henteu lega teuing ambahanna tur ieu panalungtikan anu dilaksanakeun téh bisa museur. Ku kituna, ieu panalungtikan téh, leuwih museurkeun objék panalungtikana kana kaéfektifan modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik* dina nulis aksara Sunda anu ngawengku aksara ngalagena, aksara swara, jeung rarangkén ka siswa kelas X-C SMA sekolah Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, panalungtikan ieu dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél *memorization* métode *mnemonik* dina pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013?
- 2) Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda sabada ngagunakeun modél *memorization* métode *mnemonik* dina pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013?
- 3) Naha aya bédha anu signifikan kamampuh siswa kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013 dina nulis aksara Sunda antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *memorization* métode *mnemonik*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku kana tujuan umum jeung tujuan husus, nya éta sakumaha anu dipedar di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum tina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun nambahán référensi ngeunaan kaéfékifan modél pangajaran anu bisa dilaksanakeun di sakola-sakola utamana dina pangajaran basa Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsiékeun:

- 1) Kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél *memorization* métode *mnemonik* dina pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013.
- 2) Kamampuh nulis aksara Sunda sabada ngagunakeun modél *memorization* métode *mnemonik* dina pangajaran nulis aksara Sunda di kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013.
- 3) Bédana kamampuh siswa kelas X-C SMA Laboratorium-Percontohan Universitas Pendidikan Indonesia taun ajaran 2012-2013 dina nulis aksara Sunda antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *memorization* métode *mnemonik*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan téh bisa méré pangdeudeul pikeun élmu pangaweruh utamana dina ngamekarkeun kaéfékifan modél pangajaran basa

jeung sastra Sunda dina pangajaran nulis aksara Sunda pikeun siswa SMA kelas X.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Panalungtikan ieu miboga mangpaat praktis, diantarana:

- 1) Mangpaat pikeun siswa

Ku digunakeunna modél *memorization* métode *mnemonik* dina pangajaran nulis aksara Sunda, siswa bisa kataji, balukarna siswa leuwih daria sarta kamotivasi pikeun ngaronjatkeun kamampuh dina nulis aksara Sunda.

- 2) Mangpaat pikeun guru

Ieu panalungtikan bisa méré référénsi pikeun Guru ngeunaan stratégi anu bisa digunakeun dina pangajaran nulis aksara Sunda. Salian ti éta, bisa méré alternatif pikeun guru sangkan teu monoton dina nalika nepikeun pangajaran, hususna nepikeun pangajaran nulis aksara Sunda.

- 3) Mangpaat pikeun panalungtik

Pikeun panalungtik sorangan nya éta panalungtik bisa mikanyaho kaéfektifan modél pangajaran, nya éta éfektivitas modél *memorization* métode *mnemonik* dina pangajaran nulis aksara Sunda, sarta bisa méré pangalaman dina widang akademik hususna pangalaman panalungtikan hiji modél pangajaran.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Dina Bab I dideskripsikeun bubuka nu ngawengku kasang tukang tina masalah anu baris ditalungtik, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh anu ngawengku mangpaat praktis boh mangpaat téoritis, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi.

Dina Bab II didéskripsikeun rupaning tatapakan téori nu ngawengku tiori nulis, aksara Sunda, jeung model pangajaran *memorization* métode *mnemonik* sarta léngkah-léngkah dina pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik*. Salian ti éta, dina ieu bab dipedar ngeunaan asumsi sarta hipotésis tina panalungtikan anu dilaksanakeun.

Dina Bab III didéskripsiéun ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, boh jenis métode panalungtikan boh cara prak-prakan ngolah data tina hasil panalungtikan, sumber data anu digunakeun dina panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta wangenan operasional.

Dina Bab IV didéskripsiéun ngeunaan hasil panalungtikan anu ngawengku prak-prakana panalungtikan, analisis data hasil panalungtikan, jeung medar kaéféktafan modél pangajaran *memorization* métode *mnemonik* dina nulis aksara Sunda.

Dina Bab V didéskripsiéun ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan sarta saran atawa rékoméndasi-rékoméndasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.